



**Vanessa Achille**

Networker Pro - Biz Coach

# 25 ESTRATEJI KLE KI FONKSYONE POUW FÈ ANPIL LAVANT E BON JAN PWOFI NAN BIZNIS OU



Vanessa Achille



Vanessa Achille, se on antreprene a sikse.

Yon miltip 6 figi ene ki tablil nan lakou New York e ki gen vizyon ede 1000 jen a genyen pwop biznis entenasyonan yo e montre yo pa a pa koman pou grandi li.

Madame Vanessa gen diferan sevis pou antreprene nan sekte Network marketing nan kotel montre yo tout sak nesese pou grandi biznis yo an.

1- Klike la pouw enskri nan coaching prive an (itilize kod BRIYE2 pou on rabe

klike la e enskri nan coaching nan

2- Klike la e Achte liv mwen an pouw we pa a pa koman mwen fe sikse e komanw ka fel

Mvle achte liv la

3- Ou ta renmen 2023 se ane siksè ou, pouw achte kay sa, machin ou e lot? Klike la pouw achte e gade fomasyon plan siksè 2023

Mvle plan siksè an

Siw ta renmen rete an kontak ak mwen pouw kontinye aprann plis klike la.

LIKNTREE MWEN

Avan tou li enpotan pouw toujou ap ekspoze ou e pwoduiw yo sou rezo ou yo sitou pale sou benefis chak pwoduiw yo + benefis benefis yo san poz sa vreman enpòtan! .

## **Ann ale gade 25 estrateji yo kounya!**

1- Kreye on difizyon (pou sa ale nan Whatsapp kote ki di Broadcast lan e kreye li) ak tout ansyen kliyan ou yo e ak tout potansyel kliyan ou yo pouw ka voye spesyal/pwodui yo pou yo. Apre Black Friday lan li enpotan pouw kontinye nourir difizyon ou yo e fè swivi.

Sonje FÒTIN nan se nan swivi an li ye!

2- Itilize Story sou tout rezo( whatsapp, FB, IG, Tiktok) ou yo pouw pwomote chak 2h tan minimom spesyal kap genyen yo. Li enpotan pouw konnen ke genyen on biznis egal a fè plis EKSPONIZASYON/MARKETING posib pouw kapab rive a plis potansyel kliyan posib pou yo ka deside si yo enterese o non a pwodui o sèvis ou. Anko itilize Story ou yo pouw pwomote minimom chak 2èdtan.

3- Prepare tout grafik ou pral itilize yo depi kounya (Itilize mo kle sou Canva pou BlackFriday e lot okazyon) e oganize “content ou yo” nan telefon ou pouw genyen yo sou lamèn. Kreye album!

4- Warmup plis potansyel kliyan posib depi kounya ( Warmup vle di just salye yo) Challenge tet ou pouw Warmup min 10-30 moun o potansyel kliyan pa jou, ajoutel nan difizyon e nourir li 2-3 fwa ak temwanyaj pa semen + reset, konsey etc... kap ede yo.

5- Itilize pati ki rele “Event” lan sou FB pouw mete spesyal wap genyen yo ak foto e envite tout zanmi FB ou yo ladanl + fè yo envite moun pa yo tou. Sa se 1 nan estrateji siw byen oganizel ki kapab few fè anpil anpil kob.

6- Ofri on 20minit Zoom Gratis sou on sijè enteresan pouw ka pwomote spesyal ou yo nan fen an. Pa egzanp ou ka envite kek zanmi medsen sou tem Atansyon OBEZITE epi nan fen an ou ofri laso tea oubyen Vitamin esansyel pou ko an e nan fen an ou ofri Nutraburst etc...

7- Kreye on tiraj sou rezo ou yo, mini konkou etc... pou moun ap bay like pndan wap pwomote pwodui ou yo. Sa ap fe anpil moun konnenw e konnen pwoduiw la e achte.

8- Mete on sans dijans nan tout post ou yo. Li enpotan pouw toujou itilize on "CTA" nan chak post o story. Pa egzanp "Mwen rete selman 2 ladan" oubyen Selman 3 kliyan kap gen opotinite jwenn li. Ekri "Mwen" kounya menm pouw plase komand ou. Etc...

9- Fe 1-2 live, o video siw poko alez ak live o post minimom pa semen sou benefis chak pwodui ou genyen pouw edike odyans ou an sou sa wap ofri yo sa ki pral fe yo santi NESESITE pou achte. Vini ak temwanyaj pou yo ka wè. Fe sa chak semèn pandon 2-3 mwa, wa banm nouvel.

10- Prepare on teks pouw ekri an prive tout moun ki like o komante o gade statiw ak spesyal Black Friday ou yo. Fòm swivi sa enpotan pouw toujou ap fel. Anpil moun gade statiw men timid pou pozew kesyon kidonk on ti teks pouw remesye e fe konnen ou wel we statiw e disponib pou reponn kesyon ap edew fe plis vant.

11- Ofri on ti kado gratis anplis de of kap genyen yo tankou on ti PDF senp pa egzanp sou kek manje on moun kap pedi pwa ka manje. Epi ekri an gwo mo GRATIS o KADO sa ap edew fe plis vant paske moun renmen bagay gratis ki donk kreye lot ti bagay senp pouw ofri ak of ou an pouw bal plis valè.

12- Pwomote ak anpil anpil enèji e konfyans, sa ka paret ou on senp estrateji men enèji ou degaje an se ap pi gwo zam ou pouw vann anpil anpil. Kidonk travay sou enejiv ak karaktèw bay biznis ou.

13- Kreye anpil valè o zalantou pwoduiw yo siw ap vann pwodui pedi pwa pa egzansp , ou ka fe live kote wap pale de enpotans sante o enpotans pa manje anpil gres o sik o kaboidrat etc.. enpotansfè spo, danje kay moun ki fe sik, tansyon etc..

14- Mete Anpil story san rete sou benefis pwoduiw yo (pri avan e kounya) Enpotan pouw pa selman bay pri kew genyn nan spesyal lan men tou fe yo konnen pri nomal lan. Sa ap bouste vant lan.

15- Ale nan Instagram e fe on “suscribe countdown” pou pwomosyonw yo. Itilize tout nouvo opsyon Instagram yo nan diferan fason yo pouw rale plis kliyan.

16- Poll Instagram yo nesesè anpil pouw itilize yo chak jou. Ak kesyon tankou Eskew renmen Piyay? Eskew renmen Black Friday? Ak diferan lot kesyon ou ka ajoute nan Poll Instagram ou ki se on estrateji ou dwe itilize chak jou pouw fe enteraksyon ak potansyel kliyanw yo.

17- Itilize “Close Friend” nan Instagram pouw ajoute potansyel kliyan ou yo sa ap pemet yo we saw poste yo avan.

18- Fe on “Perfect list pou tel moun “fi, manman etc... e ajoute pwoduiw yo epi ofril gratis sa ap ede pouw rale kliyan. Itilize diferan “perfect list” chak mwa.

19- Itilize Memes ki gen a we ak Black Friday, Cyber Monday, Nwel etc... depann de okazyon yo. Meme yo ap bay anpil view de moun ki pap swiv ou.

20- Fe on Google form Waitlist ak Bazik enfomasyon (pou moun pi avanse nan tech) pouw pran data e fe retargeting.

21- Remind , Community, pou voye masif mesaj e fe suivi.

22- Itilize teknik “Kesyonè” pouw rive sou anpil potansyel kliyan. Ou ka itilize google form pou sa e fe on lis moun pouw voye on 5-10 kesyon byen senp pou yo reponn epi ba yo rezilta a ki ap montre yo entere yo genyen pou pran pwoduiw yo. Fe sur ou ba yo 1-2 pwodui kom solisyon a rezilta fomilè an.

23- Prepare Linktree ou on fason pouw fasilite kliyan ou yo a jwenn sa yo bezwen a vit vit . Mete link chak pwodui direk apa.

24-Anko toujou itilize CTA nan story ou e nan post ou yo e menm nan live ke wap fe. Pa janm fini on post, video o live sanw pa di moun yo ss a pou yo fè egzani: Tape “biznis” kounya menm poun pale plis e baw detay.

25- Mete on “Referral program” sou pye Mande tout kontak ou pataje sou stati yo pou ou (pou sa fè on flyer ak tout spesyal ou yo + nimewo ou) epi ofri on ti kado o pousantaj sou vant yo baw yo. Sa mache anpil. Moun ki diw non o pi devan yo, ou ka itilize sa ak yo tou. Sa ap edew fe lavant.

## Bonis 1 - CONTENT

5 Mo kle pouw itilize nan TIT post pouw rale atansyon potansyel kliyan oubyen pwospè.

- ORIJINAL

\*Egzanp\* 5 ide orijinal pouw fè siksè nan biznis ou semèn sa menm...

-SEKRÈ

3 sèkrè pèsòn pa vle diw pouw bati richès ou pi rapid...

-TRIK

2 trik ou poko janm wè pouw vann anpil

- DEKOUVRI

Dekouvri komanw ka fe 500\$ semèn sa menm ak estrateji sa.

- NOUVO

Nouvo tandans sou mache an pouw fe kob ak rezo sosyo ou yo

# BONIS 2

DATE: \_\_\_\_\_

KISA MWEN APRANN NAN GID LAN KE MWEN AP KOMANSE TRAVAY SOU LI JODIA POUM GRANDI BIZNIS MWEN?

- 1. \_\_\_\_\_
- 2. \_\_\_\_\_
- 3. \_\_\_\_\_
- 4. \_\_\_\_\_
- 5. \_\_\_\_\_

5 ESTRATE JI MAP KOMANSE APLIKE JODIA

- 1. \_\_\_\_\_
- 2. \_\_\_\_\_
- 3. \_\_\_\_\_
- 4. \_\_\_\_\_
- 5. \_\_\_\_\_

NOT:

- 1. \_\_\_\_\_
- 2. \_\_\_\_\_
- 3. \_\_\_\_\_
- 4. \_\_\_\_\_
- 5. \_\_\_\_\_



Vanessa Achille, se on antreprene a sikse.

Yon miltip 6 figi ene ki tablil nan lakou New York e ki gen vizyon ede 1000 jen a genyen pwop biznis entenasyonan yo e montre yo pa a pa koman pou grandi li.

Madame Vanessa gen diferan sevis pou antreprene nan sekte Network marketing nan kotel montre yo tout sak nesese pou grandi biznis yo an.

1- Klike la pouw enskri nan coaching prive an (itilize kod BRIYE2 pou on rabe

klike la e enskri nan coaching nan

2- Klike la e Achte liv mwen an pouw we pa a pa koman mwen fe sikse e komanw ka fel

Mvle achte liv la

3- Ou ta renmen 2023 se ane siksè ou, pouw achte kay sa, machin ou e lot? Klike la pouw achte e gade fomasyon plan siksè 2023

Mvle plan siksè an

Siw ta renmen rete an kontak ak mwen pouw kontinye aprann plis klike la.

LIKNTREE MWEN